


Kouman Van Afekte Kay ¹


Kathleen C. Ruppert, Hal S. Knowles, III, ak Karla A. Lenfesty²

Fòs van se yon bagay ki trè komplike. Efèt van sou yon bilding depann de plizyè varyabs. Varyab ki natirèl gen dwa vitès van-an, wotè van-an, bagay ke yo jwen atè, e sa ki nan lè. Varyab bilding konpoze de fòm, zòn, ak pwopriyete fizik bilding-nan. Ansanm, pwopriyete sa-yo kreye di ferans nan presyon ki pouse e ki rale sou sifas deyò kay-la.


Kouman Fòs Van Afekte Kay



Lè van-an pase anlè do kay-la li fòse li pou li leve. Menm jan ak zèl avyon, van pase anba do kay-la li leve do kay-la tandi ke van pase anlè do kay-la li rale do kay-la leve.



Lè presyon van-an ap vini antravè sou kay-la, li kreye yon aksyon ki koze kay-la pou li vini **panche ouswa deplase** de fondasyon li.



Menm presyon van sa-a gen dwa fè kay-la **woule** sou fondasyon si li pa kapab panche ouswa deplase de fondasyon li..

Sèlman Pi Fò Ke Pati Ki Pi Fèb-la

Yon kay ki solid fèt pou li reziste twa efè van sa-yo. Pati deyò kay-la aji kankou yon anvlòp pou kay-la. Gade anvlòp sa-a kankou yon kouvèti kont elem an ke ou jwenn deyò kankou chalè, im idite, ak m o ve tan. Yon kouvèti ki solid by kay-la plis sekirite e fè m ou n ki andedan-yo pi konfotab.

Pati ki fè strikti kouvèti bilding nan se fondasyon, m iray, ak do-kay. Yon anvlòp ki solid genyen yon **sipò kontini**. Sipò sa-a konekte tout pati strik ti anvlòp bilding-nan kankou yon skelèt nan kò i men konekte m am kò-nou.

Pati ki pa fè kò ak strikt i bilding-nan se fenèt, pòt, pòt remize, ak lòt o uvèti nan strikti-a. Pati sa-yo pwoteje andedan kay-la kankou po nan kò imen pwoteje ògann nou.

Pati ki pi fèb nan anvlòp kay-la se li m enm ki ap gen plis chans pou tonbe nan yon m o ve van. Lè yon siklòn ouswa yon tònad frape, kay-la sèlman pi fò ke pati ki pi fèb-la.

Pou plis inòm asyon an detay sou afè anvlòp kay ki bay rezistans a van, tanpri li lòt fèy papye ke nou genwen nan **Edikasyon + Aksyon = Seri Kontwol Van**.

1. Dokiman sa-a fè ABE379HAI, pati 3 de 5 nan Edikasyon + Aksyon = Koleksyon Kontwol Dega Van. Dat publikasyon:: Avril 2007. Re sètifye 2010.

2. Kathleen C. Ruppert, Ekstansyon syantis, Sévis Estansyon Enèji Laflorid; Hal S. Knowles, III, rechèch associate, Pwogram pou Resous Bon Jan Kominoté; Laflorid; Karla A. Lenfesty, espesyalis kontwol eega van siklòn, Estansyon Koperatif pou Konté St Lucie, Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl, Inivèsité Laflorid.

Pwogram Kado nan Depatèman Laflorid sou Afè Kontwol Konstriksyon Rezidans nan Kominoté-a pèyè yon pati nan bibliasyon-an.

Enstiti pou manje ak Syans Agrikiltirèl (IMSA) se yon Opòtinitè pou Anplwa Egal – Anpl wayè Aksyon Afè matif gen dwa pou founi rechèch, enfòmasyon edikasyonèl ak lòt sèvis sèlman bay endividyèl ak enstitisyon kap fonksyonè san fè atansyon a ras, kwayans, koulè, relijyon, laj, enfimite, sex, oryantasyon seksyèl, stati marital, orijin nasyonal, opinyon ou afil yasyon po litik. Pou enfòmasyon sou kouman pou jwenn lòt bibliasyon estansyon, pran kontak ak Biro Sèvis Estansyon Koperatif nan Konté pa-ou. Sévis Estansyon Koperatif Laflorid / Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl / Inivèsité Laflorid / Ferrer-Chancy, pwovizwa Dean.

Kouman Fòs Van Kreye Dega

Fòs van gen dwa kraze sipò kontini nan yon kay ouswa pete yon twou nan anvlòp bilding-nan. Pafwa fòs aktyel van-an gen dwa koze yon pòt ouswa yon fenèt pou ouvè pa fòs.

Genyen de fwa van gen dwa ranmase debri nan lari-a e voye yo kont anvlòp kay-la. Ekzanp debri ki kapab vini gwò danje ak van-an, se shingel sou do-kay vwazen, m'oso bwa, ouswa mèb nan lakou ke mèt-yo pa te ranmase.

Kou fòs vav-an pete anvlòp kay-la, strikti kay-la vini nan pi gwo danje. Dlo vini yon lòt gwo pwoblèm ke van-an pote ak lapli.

Si kay-nou pa genyen anyen ki ap bare-li, ouswa li a mwens ke 1,500 pye de dlo lanmè, nou genyen plis chans pou resevwa dega ke gwo van ap pote. Se yon bon ide pou nou plante pye bwa devan kay nou pou fòse van-an sou kote kay-la.

Rezistans Pou Siklòn ak Tònad

Cheke ak ofisyel nan bilding local pou nou determine si zòn bò lakay-nou fè pati de zòn gwo van. Itilize pwotek syon ki kapab fè kay-nou reziste fòs van ki determinine nan zòn nou. Se yon bon jen ide pou nou konstri ouswa refè kay-nou pi bon ke kòd mande nou. Sa gen dwa by nou plis rezistans kont dega, lapè nan tèt nou, plis vale sou kay-la, e li kapab ede nou kalifye pou lot èd, aktyel ouswa nan demen nan afè rabè sou asirans kont gwo van.

- **Ranfòse... pou meyè abitasyon** vle di ke se yon pwogram de sètifikasyon pou kay nan Enstiti Sekirite Biznis ak Kay (ESBK), se yon òganizasyon pou rechèch ak edikasyon sou kompayi asirans kay. Yon mak chwazi *Ranfòse ... pou meyè abitasyon* vle di ke enspektè ki kalifye dekalre ke kay-la konstri pou li reziste tout move bagay ki rive nòmalman nan zòn-nan. Genyen sèten konpayi asirans ki bay rabè sou asirans kont van pou kay ki cètifye ke yo ranfòse. Pou plis infòmasyon, visite www.ibhs.org



- **Blueprint for Safety** se yon pwogram edikasyonel ki sòti nan *Alyans Federal pou Sekirite Kay (FLASH)*, se yon òganizasyon charitab, san profi, ki dedye tan-yo nan fè reklam pou sekirite kay. Pwogram sa-a ofri gid ak bon jen enfòmasyon bay moun ki ap konstri kay nan zafè sekirite-dega kont inondasyon, dife, ak move van. Pou plis enfòmasyon, visite www.blueprintforsafety.org ak www.flash.org



Referans ak Resòs

Federal Emergency Management Agency |
Prevansyon Pou Dezast and Bibliotèk Pou
Preparasyon

www.fema.gov/library/prepandprev.shtm

Divizyon Laflorid pou Manajman de Sekou |
Paj Enfòmasyon

www.floridadisaster.org/DEMinformation.htm

Texas Tech University | Sant Pou Syans Van ak
Rechèch Konstriksyon

www.wind.ttu.edu

Inivèsité Laflorid | Liv Sou Fezast

<http://disaster.ifas.ufl.edu/>